

5 février

Le Christ... est sur toutes choses Dieu béni éternellement. Romains 9. 5

Dieu est un, et le médiateur entre Dieu et les hommes est un, l'homme Christ Jésus. 1 Timothée 2. 5

Jésus Christ, Dieu et homme

“Je suis ce que j’étais. Je n’étais pas ce que je suis. On me nomme à la fois Dieu et homme.” (*traduction d’une inscription en latin du 1^{er} siècle*)

– “Je suis ce que j’étais.”

Cette première déclaration ne peut être faite que par le Dieu immuable. Dans la première partie de la Bible, il se présente de façon plus saisissante encore : “Je suis celui qui suis” (Exode 3. 14). Il est l’Éternel, celui qui subsiste depuis toujours et pour toujours, il ne change pas. Il reste éternellement saint, ne s’accommodant jamais du mal. Mais il est aussi, éternellement, amour. Son amour est pour chacun de nous. Dieu aime les hommes, pourtant si rebelles envers lui.

– “Je n’étais pas ce que je suis.”

Éternellement Dieu, Jésus est devenu ce qu’il n’était pas : un homme. Pourquoi donc ? À cause du mal commis par les hommes, le Dieu saint avait prononcé sur eux une sentence de mort. L’homme avait péché ; il était condamné. Cette tragique situation a conduit le Fils de Dieu à devenir “l’homme Christ Jésus” (1 Timothée 2. 5) pour prendre sur lui le jugement que nous méritions.

– “On me nomme à la fois Dieu et homme.”

Jésus Christ est tout à la fois Dieu et homme. Dieu depuis toujours, il est désormais homme depuis sa naissance à Bethléem. Et il garde ce caractère maintenant qu’il est retourné vers son Père. Le ciel a reçu l’homme parfait, preuve qu’il recevra aussi tous ceux qu’il a rendus parfaits par son sacrifice à la croix.

5

fevriye

Kris ki se Bondye beni sou tèt tout bagay, pou le-tènite. Women 9. 5

Se yon sèl Bondye ki genyen, e, se yon sèl medyatè ki genyen ant Bondye ak lèzòm, se yon nonm : Jezi Kris. 1 Timote 2. 5

Jezi Kris, Bondye e lòm

“Mwen se sa mwen te ye a. Mwen pa t sa m ye a. Pafwa yo rele m Bondye e lòm.” (*tradiksyon yon enskripsyon an laten nan premye syèk la*)

– “Mwen se sa m te ye a.”

Pa gen moun ki ka fè premye deklarasyon sa si li pa Bondye ki pa janm chanje a. Nan premye pati nan Bib la, li parèt pi klè toujou : “Sa m ye a se sa m ye” (Egzòd 3. 14). Li se Letènèl, sila ki la depi tout tan ak pou tout tan, li pa chanje. L ap rete sen pou tout tan, li pap janm mele ak sa ki mal. Men l ap toujou gen lanmou pou tout tan. Lanmou li pou nou chak. Bondye renmen lèzòm, epoutan yo rebèl anvè li.

– “Mwen pa t sa mwen ye a.”

Li menm ki Bondye etènèlman, Jezi vin tounen sa li pa te ye : yon nonm. Poukisa ? Poutèt lèzòm te fè sa ki mal, Bondye ki sen an te pwononse yon santans lanmò sou yo. Lòm te peche ; li te kondane. Sitiyasyon trajik sa, te fè Pitit Bondye a vin tounen “lòm Kris Jezi” (1 Timote 2. 5) pou li pran sou li jijman nou te merite a.

– “Pafwa yo rele m Bondye e lòm.”

Jezi Kris an menm tan Bondye epi lòm. Bondye depi toujou, li vin kounye a lòm depi lè l te fèt Bètleyèm nan. E li kenbe karaktè sa menm lè l tounen kote Papa l. Syèl la te resevwa nonm pafè a, sa se prèv, li va resevwa tou, tout sila yo, li te fè vin jis la grenmesi sakrifis lakwa a.